



Pou Piblikasyon Imedya: 09/30/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANKOURAJE NOUYÒKÈ YO POU PREPARE POU GWO LAPLI POSIBILITE KONDISYON TANPÈT TROPICAL AK INONDASYON

***Kondisyon grav enkli, gwo van ak inondasyon, ka afekte Eta New York wikenn sa a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te ankouraje rezidan yo pou kòmanse prepare kay ak fanmi yo pou gwo lapli ak posib inondasyon ak posib antre siklòn Joaquin nan fen semèn sa a. Gouvènè a ap fè Nouyòkè yo sonje pou yo enskri nan NY-Alert nan <https://users.nyalert.gov> pou resevwa alèt imedyat sou avètisman inondasyon ak tanpèt vyolan.

“Eta nou an te eksperimente domaj move tan ka koze an plizyè fwa– e mwen ankouraje Nouyòkè yo pou pran prekosyon pou pi gwo tanpèt nan jou kap vini yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Tanpèt tropikal Lee ak siklòn Irene te prouve ke ou pa bezwen rete toupre bòdmè a pou w afekte pa lanati. Mwen te mande ajans yo nan Eta pou mete ekipman repons ijans yo pare an patenarya avèk gouvènman lokal yo, e mwen ankouraje tout rezidan nou yo nan eta pou yo prepare epi rete ansekirite.”

Tanpèt la aktyèlman ap deplase nan Eta pral pote omwen 3-6 pous lapli jiska jedi nan anpil pati nan Eta, avèk ki gwo lapli kap tonbe kounye a nan pati sid Adirondacks pou rive nan Capital District, ak lès nan pati Taconics. A midi, pi gwo lapli ta dwe deplase soti nan Eta New York; ti lapli ak degout ap kontinye jis nan apremidi a. Posib menas pou tanpèt sa ap piti a modere nan zòn iben yo ak move drenaj inondasyon.

Avètisman inondasyon aktyèlman anvigè pou konte ki annaprè yo:

- Broome, Cayuga, Chemung, Chenango, Cortland, Delaware, Madison, Oneida, Onondaga, Otsego, Schuyler, Seneca, Steuben, Sullivan, Tioga, Tompkins, Yates – jiska midi jodia
- Albany, Columbia, Dutchess, Fulton, Greene, Hamilton, Herkimer, Montgomery, Rensselaer, Saratoga, Schenectady, Schoharie Ulster, Warren, Washington – jiska jedi maten
- Essex – byenta aswè a

Jodia jiska vandredi, konbinezon van fò nan nò, te satire sòl la, e fèy yo ki toujou sou pye bwa ap rann li posib pou pyebwa tonbe ak pann kouran. Yon lòt wonn lapli posib

semèn sa nan siklòn Joaquin ap ogmante posibilite pou avètisman inondasyon toupatou ak ti inondasyon nan zòn bòdmè.

Maten an, Sant Nasyonal Siklòn te rapòte ke Joaquin te monte nan yon nivo siklòn. Nan 8:00 a.m., sant siklòn Joaquin te lokalize a 245 kilomèt lès-nòdès nan santral Bahamas e lap deplase nan SW nan apeprè sis kilomèt pa èdtan. Yon mouvman jeneral nan direksyon lwès-sidwès sowa sidwès prevwa pou l kontinye jis aswè a. Yon viraj nan direksyon lwès ak yon diminisyon avansman vitès prevwa pou jedi, e Joaquin prevwa pou l avanse pre oswa sou pati nan santral Bahamas aswè a ak jedi. Van maksimòm ki te soutni te ogmante a apeprè 75 kilomèt alè avèk raval van ki fò. Van fòs siklòn pwolonje ap etann nan eksteryè jiska 30 kilomèt nan sant, ak fòs van tanpèt tropikal la ap etann nan eksteryè jiska 125 kilomèt nan sant. Ranfòsman adisyonèl prevwa pou pwochen 48 èdtan yo.

**John P. Melville, Komisyone Divizyon Sèvis Dijans ak Sekirite Enteryè te deklare:**

“Eta a jwe wòl li nan asire ke nou pare pou sipòte patnè lokal nou yo rapidman, toutfw a li kòmanse la lakay. Gen founiti ijans sou lamèn tankou flach ak pil, e dlo ak pwodui konsè esansyèl. Rezidan yo ta dwe kòmanse siveye kondisyon meteyo a grasa rapò medya lokal yo ak emisyon, epi asire pou swiv nenpòt òdonans pwoteksyon ke otorite ijans yo te pibliye.”

Gouvènè Cuomo te ankouraje Nouyòkè yo pou pran aksyon ki annaprè yo:

- Konnen tèm meteyolojik yo – Yon “alèt inondasyon” endike alèt inondasyon oswa inondasyon posib nan zòn alèt ki deziyen yo. Lè yo bay yon avètisman, ou dwe vijilan epi pare pou pran aksyon. Yon “avètisman” alèt inondasyon vle di ke yo te rapòte alèt inondasyon oswa inondasyon oswa li eminan. Ou ta dwe pran tout prekosyon nesèsè ak aksyon alafwa.
- [Apwovizyone](#) founiti ijans, enkli manje ak dlo ki pap gate, kap dire pou plis pase 72 èdtan oswa twa jou.
- Konnen kijan pou kontakte tout manm fanmi an toutan. Idantifye yon zanmi oswa fanmi ki deyò vil la pou l ka yon “kontak ijans fanmi” epi asire ke tout manm fanmi yo konnen nimewo sa.
- Chwazi yon pwèn rankont ijans fanmi– yon andwa fanmi kote fanmi an ka rankontre sizoka kay la pa ta aksesib.
- Prepare yon lis telefòn moun ak òganizasyon pou ijans ou ka bezwen rele, sa ki enkli lekòl, doktè, founisè swen sante timoun/granmoun, ak ajan asirans.
- Konnen siklòn nan / risk tanpèt nan zòn ou a, enkli istwa vag tanpèt.
- Aprann sou siy avètisman kominote ak plan evakyasyon.
- Kòmanse panse sou ki kote ou pral mete bèt domestik ou yo pandan yon tanpèt.
- Apwovizyone medikaman preskripsyon yo epi prepare founiti pou moun ki gen bezwen spesyal tankou timoun, granmoun ak moun ki andikape.
- Tcheke sou vwazen yo pou asire ke yo okouran sou posib danje ak sa ke yo bezwen fè pou prepare pou tanpèt la.

Wap jwenn plis enfòmasyon disponib sou preparasyon siklòn ansanm avèk sa ou ka fè pou pwoteje tèt ou ansanm avèk fanmi ou [la](#).

### **Enfòmasyon sou DHSES**

[Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans \(DHSES\)](#) ak kat biwo li yo -- Anti-teworis, Jesyon Ijans, Prevansyon ak Kontwòl Dife, ak Kominikasyon Entèwoperab ak Ijans – founi lidèchip, kowòdinasyon ak sipò pou efò prevansyon, pwoteje kont, prepare pou, reponn ak, ak rekipere apre zak teworis ak lòt katastwòf natirèl ak sa moun fè, menas, dife ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon vizite [Facebook page](#), swiv [@NYSDHSES](#) sou [Twitter](#), oswa vizite [dhSES.ny.gov](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](#)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418